

.....

CHAPIT 24

Chache jwenn asistans medikal

Nan chapit sa a :

Ki sèvis sant sante ak lopital yo ka bay.....	433
Egzamen laboratwa.....	434
Sonogram, Doplè, ak radyografi.....	434
Medikaman.....	434
Zouti pou tranche ak akouchman dijans.....	435
Transfizyon sagin (bay san nan venn).....	436
Zouti pou ede timoun malad.....	437
Ale nan yon sant medikal.....	438
Chache jwenn asistans rapidman....	438
Travay an kolaborasyon ak sant medikal epi doktè	438
Nan sant medikal la.....	440

Chache jwenn asistans medikal



Menm fanmsaj ki gen plis konesans epi ki gen plis eksperyans bezwen asistans medikal pafwa. Pa egzanp, emoraji grav, eklanmsi, oswa lè gen prolapsus kòdon lonbrit la; tout se pa bagay ki ka trete lakay. Se sèlman lè w sèvi ak zouti epi konesans ki disponib nan sant medikal ak lopital yo ke w ap jwenn èd pou solisyone kalite pwoblèm sante sa yo. Liv sa a fè sigjesyon sou ki lè w ta dwe mande pou konsèy medikal, chache asistans medikal, oswa ale nan yon sant medikal ou byen nan yon lopital. Gen de lè se ou menm ki pou deside si w bezwen kout men. Pa egzanp ka gen pwosedi nan liv sa a ke w pa konnen fè. Ou dwe chache asistans nan men yon moun ki gen eksperyans, olye pou w ap eseye aprann fè pwosedi sa yo nan li liv la sèlman.



Ki sèvis sant sante ak lopital yo ka bay

Pou ede sove lavi moun, lopital ak sant medikal yo gen zouti, ekipman, moun ki gen gwo konesans nan domèn medikal, epi medikaman w ka pa ta ka jwenn lakay. Lè w tande pwosedi yo nesèsè, li trè enpòtan pou se lopital yo fèt. Epi gen de lè, pwosedi ak zouti sa yo se sèl bagay ki ka sove lavi fanm yo.


Nan chapit sa a, nou bay yon lis kalite asistans ou ka jwenn nan yon sant medikal oswa yon lopital. Nou bay kèk lide sou ki lè ak kouman pou w travay ak anplwaye lopital yo epi lòt kalite travayè lasante.

Chonje: Pou pi fò tranche, ou gen bezwen bon jan kalite zouti ak pwosedi medikal. Nan anpil lopital, yo sèvi ak zouti sa yo plis ke yo ta dwe. Pa egzanp, leplisouvan, yon fanm ansent pa bezwen yon sonogram (foto pitit la nan matris manman an). Men gen anpil lopital kote yo fè youn pou tout fanm ansent. Gen lopital ak doktè ki fè yon sere de pwosedi ki pa nesèsè epi ki danjere tou. Pa egzanp, gen doktè ki ka fè yon epizyotomi (koupe bouch vajen fanm nan) nan chak akouchman. Se pa yon bagay ki nesèsè epi sa ka lakòz enfeksyon ak lòt kalite pwoblèm apre akouchman an.


Egzamen laboratwa

Laboratwa gen zouti, tankou mikwoskòp, ak moun ki antrene pou fè egzamen san, pipi, pou pou ak pati nan kò moun pou maladi ak lòt kondisyon sante. Gen de lè se sèlman yon egzamen laboratwa ki ka moutre pi byen kisa ki lakòz yon pwoblèm. Pa egzanp, egzamen laboratwa ka moutre si yon fanm fè anemi, gen enfeksyon nan blad pipi oswa VIH.

Sonogram, Doplè, ak radyografi




Gen de lè sant medikal yo gen yon machin ki ka pran foto pitit la pandan li nan matris manman an. Yo rele sa sonogram oswa iltasonn. Ou ka bezwen sonogram nan pou konnen si fanm nan ap pote marasa oswa ki pitit nan pozisyon chita. Yon aparèy fetoskòp (Doplè) fè li vin pi fasil pou w tande batman kè pitit men li pa fè foto.



Gen yon lòt machin ki sèvi ak radyografi pou pran foto zo moun andedan ko yo. Sa ap pèmèt ou wè si yon zo kase. Radyografi domaje selil ki andedan kò moun. De twa radyografi ka pa lakòz pwoblèm, men lè w fè radyografi anpil fwa, sa ka bay kansè. **Yon fanm ansent pa janm bay oksitoksin lakay lè li vle pou tranche a kòmansè oswa pou li ka chofe.** Men oksitoksin ka bay san danje nan yon sant medikal paske lè sa a yo ka kontwole manman ak tout pitit la depre, epi pitit la ka fèt byen vit pa sezaryèn si genyen yon pwoblèm. Si sa fè twò lontan depi fanm nan an tranche (wè paj 186), oksitoksin ke yo ba li nan yon sant medikal ka fè l fè pitit la. Epi tou, nan yon sant medikal oswa nan lopital, ou ka jwenn medikaman pou yon timoun ki maladi. Leplisouvan li two danjere epi li difisil pou bay yon tibebe medikaman lakay.

Medikaman

Yon doktè ki pran anpil prekosyon epi ki gen bon jan ekipman bay nan yon sant medikal medikaman ki pa tap bon pou pranchans bay lakay. Pa egzanp, **fanmsaj pa dwe janm bay oksitoksin lakay lè li vle pou tranche a kòmansè oswa pou li ka chofe.** Men oksitoksin ka bay san danje nan yon sant medikal paske lè sa a yo ka kontwole manman ak tout pitit la depre, epi pitit la ka fèt byen vit pa sezaryèn si genyen yon pwoblèm. Si sa fè twò lontan depi fanm nan an tranche (wè paj 186), oksitoksin ke yo ba li nan yon sant medikal ka fè l fè pitit la. Epi tou, nan yon sant medikal oswa nan lopital, ou ka jwenn medikaman pou yon timoun ki maladi. Leplisouvan li two danjere epi li difisil pou bay yon tibebe medikaman lakay.



Lè gen moun ki pou swiv depre epi ki ka fè sezaryèn, tibebe a ka pran oksitoksin nan sewòm san pwoblèm.

Zouti pou tranche ak akouchman dijans


Nan pati sa a nou eksplike kèk pwosedi ki ka sèvi nan yon sant medikal pou chofe tranche a oswa pou fè pitit la soti pi vit. Pwosedi sa yo konn sove lavi tibebe ki an detrès, ak lavi manman ki pase anpil, anpil tan avèk tranche, oswa ki riske fè enfeksyon.

Kase lezo

Lè yon fanm gen tranche pandan lontan san li pa fè okenn pwogrès, kèk doktè (ak fanmsaj) sèvi ak yon zouti esterilize pou pete pòch lezo a. Leplisouvan sa ap pèmèt tibebe a desann byen vit pou vin rete sou kòl matris la epi sa chofe tranche a.


Lè sak dlo a pete sa ogmante chans pou enfeksyon epi sa ka kanpe tranche a si tèt la soti vit nan move pozisyon.

Zegwi Amnyo – se yon zouti ki pou pete sak dlo a.



Zouti akouchman

Avèk yon pens yo rele fòsèp oswa yon aspiratè yo rele vantouz doktè oswa travayè lasante ka rale yon tibebe ki kole nan pasaj.



Pens fòsèp sa a sèvi pou kenbe tèt tibebe a epi rale l soti andedan manman an.

Aspiratè yo rele vantouz la fèt pou kole ak tèt tibebe a epi li sèvi kòm aspiratè pou rale pitit la soti nan vajen an.




Pens ak aspiratè se bagay ki pa sèvi souvan epi yo twò danjere pou sèvi avèk yo lakay. Men si pitit la an danje lanmò (ak nan kèk lòt ka dijans), zouti sa yo se pi bon manyè ak fason ki pi rapid pou ede pitit la fèt.

Note: Instruments should be avoided with a woman who has HIV. Using them increases the risk of HIV infection for the baby.

Operasyon sezaryèn

Raman se operasyon ki oblije fèt pou pou ke lavi manman oswa pitit la. Pa egzanp si pitit la nan yon pozisyon difisil pou l fèt, se sèlman operasyon ki ka fe ti bebe a soti. Operasyon nesèsè tou lè pitit la ak manman an nan gwo danje, tankou lè placenta la decole oswa gen prolapsus kòdon lonbrit la.

Sepandan, operasyon sezaryèn ka lakòz gwo pwoblèm. Pa egzanp, fanm nan ka fè alèji ak anestezi a. Lè vant li fin koupe, li ka pa vle geri fasilman oswa li ka enfekte. Fanm nan ka gen pwoblèm pou l bay tete oswa pou pran swen pitit la paske apre operasyon an l'ap pran plis tan pou li refè. Fanm ki akouche pa sezaryèn bezwen plis repo, plis swen, ak plis asistans.




operasyon sezaryèn

—● Nòt: Operasyon sezaryèn fèt twò souvan! Kèk doktè prefere sezaryèn paske yo ka chwazi lè pou yo fè akouchman an yo menm, oswa paske yo fè moun peye plis kòb pou sa. Gen kèk kote, pi fò fanm fè pitit pa sezaryèn. Men **operasyon sezaryèn ta dwe fèt sèlman nan ka dijans.**


Symphysiotomy

Symphysiotomy se yon dechiri ki fèt nan mitan pibis manman an (zòn anwo kote ki gen pwèl la). Dechiri a fèt pou louvri basen manman ki twò piti kidonk kreye yon fason pou pitit la ka soti nan vajen an. Li pi fasil pou fè l ke yon sezaryèn men se sèlman nan kèk kote yo fè l nan lemond paske sa patoujou mache byen. Sa ka lakòz pwoblèm tou, tankou li ka blese blad pipi a oswa lakòz yon domaj ki pa janm geri.



Transfizyon sangin (bay san nan venn)


Yon fanm ki pèdi anpil san apre akouchman an oswa akòz de lòt pwoblèm (tankou yon avòtman ki mal fèt) ka bezwen pran san nan venn. Gen de kote ou



Lè yon fonn pèdi anpil san, yon transfizyon sangin ka sove lavi l.

dwe mennen yon manm fanmi an ki pou bay san pou li. Transfizyon sangin se yon bagay ki ta dwe fèt sèlman nan ka dijans, paske san an ka gen enfeksyon tankou epatit ak VIH. Si yon fanm pran san nan men yon moun ki gen enfeksyon, li gen chans pou li pan enfeksyon an tou. Nan anpil kote, yo teste san an pou wè si li pa kèk kalite maladi, men toujou genyen yon ti chans pou yon moun trape maladi nan pran san.

Zouti pou ede tibebe ki malad



respiratè

Nan zòn ki pa gen anpil sèvis medikal, anpil tibebe ki fèt tou malad pa ka jwenn asistans. Men yon lopital ki byen ekipe ap gen kèk bon jan zouti pou ede tibebe ki malad, ki twò piti oswa ki fèt twò bonè.

Yon kouvèz se yon bwat pou yo kenbe tibebe ki twò piti oswa ki malad. Menm jan ak anpil lòt zouti medikal, moun ka sèvi ak li twò souvan. Pifò tibebe rete pi cho lè yo nan bra manman yo, tou pre ak po kò manman yo.

Yon tant a oksijèn oswa yon chapo a oksijèn bay tibebe a oksijèn li bezwen an plis. Sa ka ede tibebe ki pa ka respire byen.



Tib dalimantasyon

Pou tibebe ki malad anpil, yon respiratè ap ede l respire. Yon tib dalimantasyon ki pase nan nen tibebe a pou rive nan lestomak li. Yo sèvi ak sa lè tibebe a twò fèb pou li pran tete. Lopital la ka mete nan tib la lèt doktè baymen lèt yo rale nan tete manman li pi bon (wè paj 285).



respirator




Aparèy pou kontwole kè ak lòt kalite aparèy tache sou kò tibebe a pou mezire batman kè l ak lòt siy sante li.

Aparèy pou kontwole kè

Sant medikal yo bezwen sipò kominote a

Chak kominote ta dwe genyen yon sant medikal ak kantite materyèl yo gen bezwen. Omwen, yon sant medikal ta dwe gen travayè lasante ki kalifye ansanm ak kèk materyèl de baz ki ka ede sove lavi, tankou oksijèn, kèk kalite medikaman, epi ekipman esterilize ki ka fè operasyon de baz. Men malerezman, pi fò lopital ak klinik sante pa gen tout materyèl yo bezwen.

Kèk kominote pa gen ase lajan pou depanse pou lopital oswa lasante. Epi anpil kominote prefere depanse lajan yo pou fè lagè oswa pou pwofite mete lajan nan pòch moun ki déjà rich olye pou yo ta ede rezoud pwoblèm elemantè pèp la.



Twòp sant medikal, klinik, pòs sante, ak lopital pa genyen sa yo bezwen pou bay menm sèvi sante de baz yo.

Ale nan yon sant medikal

Yon fanm ki gen gwo pwoblèm sante, oswa ki riske gen yon gwo pwoblèm, bezwen asistans medikal san pèdi tan. Lè yon fanm an danje, fanmi l ak fanmsaj la ka panse pa gen espwa pou li ankò. Se pa vre. **Chache jwenn asistans medikal san pèdi tan ka sove lavi yon fanm.**



Yon fanm ki rete andeyò ka pran plizyè jou pou li rive nan sant medikal ki pi pre a. Gen fanm ki pran bis oswa yo mache plizyè kilomèt pou yo ale chache asistans medikal. Menm fanm ki rete tou pre yon lopital gen dwa pa ka ale ladan l paske yo pa gen lajan oswa transpò. Ansanm avèk chak fanmi epi avèk tout kominote a, planifye kouman w ka mennen yon fanm nan yon sant medikal anvan li genyen yon ka dijans. Wè paj 106 pou jwenn lide sou kouman pou w fè yon plan pou transpò.

Chache jwenn asistans rapidman

Si w wè yon siy ki moutre gen risk, pa rete tann. Si w ka trete pwoblèm nan lakay, fè sa vit. Si w pa ka trete l w menm, oswa si tout sa w fè anyen pa chanje – li lè pou w chache jwenn asistans medikal!

Lè w chache jwenn asistans pi vit, se pi vit on travayè sante ki nan sant medikal la oswa nan lopital la ap ka ede fanm nan ak pitit la.

Travay an kolaborasyon ak sant medikal epi doktè

Fanmsaj, enfimyè, doktè, ak lòt travayè lasante dwe travay ansanm pou fanm ak fanmi yo ka jwenn bon jan lasante. Fanmsaj yo gen bezwen sant medikal ak doktè yo. Lè yon fanm

gen yon ijans medikal, yon fanmsaj ki gen sajès konnen ke yon sant medikal ka se meye kote pou li ale. Malerezman, gen anpil doktè ki pa reyalize jan yo gen bezwen fanmsaj yo. Doktè resevwa fòmasyon sou kouman pou yo chache pwoblèm dijans, epi anpil ladan yo trete chak akouchman tankou yon ka dijans. Men fansaj yo se ekspè nan akouchman nòmal ki fèt san okenn pwoblèm. Leplisouvan yo gen plis pasyans akkonfyans ke yon fanm ki an tranche bezwen pou l akouche. Anpilfanmsaj konnen pou yo sèvi ak remèd fèy, kouman pou bay masaj, kouman pou vire yon tibebe san pwoblèm, oswa yo gen lòt konesans ke yo pa anseye nan lekòl de medsin. Doktè yo ka pa apresye bon jan kalite konesans fanmsaj yo genyen. Fanmsaj tradisyonèl yo an patikilye ka gen moun ki imilye yo epi ki konsidere yo kòm moun ki pa edike oswa ki pa konpetan. Se yon bagay ki ka difisil anpil pou yon fanmsaj kolabore ak yon sant medikal lè li vle sa ki byen pou yon fanm ansent.



Siman fanm sa a te pedi anpil san apre akouchman an. Se trè byen w mennen lopital.

M' byen kontan w la a pou ede. M' panse l ta pral mouri.

A kòz de defi sa yo, li enpòtan pou genyen yon bon relasyon avèk sant medikal yo epi avèk doktè yo **anvan** yon ka dijans rive. Konsa, lè w bezwen èd, gen plis chans pou yo resewva w ak respè. Eseye pale avèk yon doktè ki sanble li konprann kisa fanmsaj yo ye. Di kouman w renmen kolabore avèk lopital la. Si se posib, yon reynyon ant yon gwoup fanmsaj avèk yon gwoup doktè ka ede tout mout kolabore youn ak lòt.

Lè fanmsaj ak lopital kolabore, tout moun pwofite. Si lè yon fanm an danje fanmsaj la voye l ale lopital byen vit, doktè yo gen plis bagay yo ka fè pou evite pwoblèm. Epi youn fanmsaj ki jwenn respè ap pi anvni mennen fanm nan lopital. Men istwa yon bagay ki te pase tout bon vre:

Yon fanmsaj ki pa janm dekouraje (sispann eseye) :

Newousa se yon fanm tou piti ki travay latè nan pey Brezil. Li se yon fanmsaj tou. Lora, youn nan malad Newousa yo, te ansent 3 fwa déjà men li pèdi tou le 3 timoun nan foskouch paske li fè tansyon ki ba li kriz chak fwa li rive sou dènnye mwa gwsès la. Lora te toujou tris, dousman epi li te reziyen l pou pa janm gen pitit. Newousa pale ak Lora sou zafè sante l, epi li ba li vitamin ak ankourajman sou kesyon ansent la. Se swen ke Lora pat janm kont jwenn. Loa toujou kontan lè Newousa ap vinn rann li vizit. Yon jou sou 8èm mwa gwsès la, Lora leve avèk yon gwo tèt fè mal epi pye li anfle. Lora pat gen glas nan ti ajoupa l la pou li ta wè figi l, men lè Newousa rive, li te sezi wè kouman figi Newousa te anfle. Newousa te konnen si Lora pa jwenn asistans, li t'ap pèdi pitit sa a ankò ; menm li menm li ka mouri! Piske se te semèn anvan Nwèl, lopital te gen sèlman kèk doktè ak enfimyè k'ap travay. Yo pat vle pran plis malad, alò yo bay Lora yon piki epi yo di l tounen lakay li pou li al tann lè pou pitit la fèt. Newousa pa dakò ak sa ; li ale wè direktè lopital la pou li eksplike sitiyasyon Lora ak pwoblèm li te genyen ak gwsès anvan yo. Men apre li fin wè badj li epi li tandè ke Newousa se yon fanmsaj, direktè a di Newousa pa gen plas epi pou li mennen Lora tounen ale tann lakay. Men Newousa pa dekouraje. Li konnen Lora te nan yon kondisyon ki twò danjere pou ta mennen l tounen lakay. Olye de sa, li mennen Lora nan yon biwo lapolis. Lè li rive li fè yon gwo bri. Li se yon ti bout fanm se vre, men li gen yen yon vwa avèk yon ekla nan je l ke pèsonn pa ka bliye. Lè li nan batay, se pa fasil pou yon moun meprize l. Finalman, yon machin lapolis mennen Newousa ak tout Lora nan yon lopital ki te a inè detan ak kote Newousa te rete a. Distans pou yo rive, tansyon Lora te moute byen wo, alò doktè yo fè yon sezaryèn epi Lora fè yon pitit gason byen pòtan. Konesans Newousa gen sou la sante, dètèminasyon l, and lanmou l genyen pou travay li te sove lavi pitit la – petèt li sove lavi manman an tou.



Nan yon system kote sèvis sante mache byen, fanmsaj avèk doktè travay nan tèt ansanm.

- Lè yon fanmsaj mennen yon fanm lopital pou l akouche, li ta dwe rete avèk fanm pandan tout peryòd akouchman. Sa ap pèmèt fanm nan pi anvi aksepte asistans medikal lè li gen yon ka dijans, paske li santi l pi an sekirite epi li pi kal. Epi tou sa ap pèmèt fanmsaj la aprann pandan l'ap gade kouman sant medikal la ap trete ka dijans yo.
- Fanmsaj, doktè, ak lòt travayè lasante dwe pale youn ak lòt sou zafè de pwoblèm sante ki genyen nan kominote a, epi sou kouman chak ladan yo ka ede rezoud pwoblèm sa yo.
- Fanmsaj yo ta dwe ka poze doktè yo kesyon sou zafè lasante, epi doktè yo dwe santi yo alèz pou reponn kesyon yo. Doktè ak sant medikal yo ka bay materyèl ak fòmasyon pou fanmsaj yo.



Nan sant medikal

Sant medikal ak lopital yo gen pwòp pwosedi pa yo. W'ap santi yo etranj pou w jiskaste w abitye avèk yo.

Si w paka akompanye fanm ki gen pwoblèm sante a pou ale avèk li nan sant medikal la, ou ka **apran** pwosedi ak teknik sa yo epi w ka **eksplike** yo bay fanm nan ak fanmi li. Petèt ou ka menm ede **chanje** pwosedi ki pa nesèsè yo.

Aprann nan men moun sant medikal yo

Swiv tout bagay kap fèt nan sant medikal la. Poze kesyon lè w kapab,.



Eksplike sa k'ap fèt la

Fè fanm nan ak fanmi li konnen pou ki sa chak pwosedi ap fèt. Asire w ke fanm nan konprann epi li dakò ak tretman yo ap fè pou li a.

Fè efò pou chanje pratik ki pa nesèsè, ki pa fèt ak respè, oswa ki danjere

Gen kèk bagay lopital yo fè ki pa nesèsè. Yo ka bay fanm yo malèz san okenn bon rezon. Pa egzanp, pa gen okenn rezon pou grate plim bouboun yon fi ki ap fè akouchman nòmal. Se yon bagay ki pa nesèsè men anpil lopital fè li. Yon lòt bagay lopital renmen fè se sa yo rele epizyotomi (koupe antre vajen an) anvan chak akouchman pou yo ka fè ase pasaj pou pitit la. Sa pa nesèsè. Sa ka bay plis dechiri ki rive jis nan two dèyè fanm nan epi li ka pa geri byen menm jan ak yon dechiri piti.

Si w gen bon relasyon ak yon sant medikal, ou ka arive sigjere pou yo fè kèk chanjman. Li pwobab pou w gen plis siksè si w sigjere yon chanjman alafwa. Men kèk nan bagay ki dwe plis enterese w:

- Yo dwe eksplike pwosedi yo byen klè bay moun kap resevwa laswenyay la.
- Fanm gen dwa pou yo manje ak bwè lè yo an tranche.
- Se pou yo bay (ankouraje) fanm yo chita, kanpe, oswa mache lè yo gen tranche.
- Fanm ta dwe kapab akouche chita, akwoupi, oswa kanpe.
- Pwosedi ak operasyon ki pa nesèsè (tankou epizyotomi ak sezaryèn) ta dwe evite.
- Fanm ta dwe gen dwa pou yo kenbe tibebe yo kou yo fin akouche. Yo dwe ankouraje yo bay tete kou yo fin fèt.
- Tibebe dwe rete bò kote manman yo; se pa nan kouvèz oswa pepinyè pou yo rete, eksepte si yo gen yon ka dijans.

